


# SHÍǴÍS ELLERINIŃ MAZALÍ SHIRINLIKLERI HAQQÍNDA MAǴLÍWMATLAR.

**Durısjanova Nesibeli**
Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti Azıq-awqat texnologiyası 3 kurs studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.14170460

## ARTICLE INFO

Qabul qilindi: 9-noyabr 2024 yil
Ma’qullandi: 10-noyabr 2024 yil
Nashr qilindi: 15-noyabr 2024 yil

**KEY WORDS**

*qattı, amorf,boyaw, jańǵaq, vanilli qant-pendir, parvarda, erik dáneli kondalat, goroxlı konditer ónimi, nabat, gunjili kozinak, shimishke kozinak, badamlı grilyaj*

## ABSTRACT

*Maqalada Shıǵıs elleriniń milliy qásiyetlerine hám tábiyatına sáykes bolǵan konditer ónimleri shıǵıs shirinlikleri dep atalıwı, olarǵa tiykarınan ónim túrine qarap biraz muǵdarda may, máyek, jańǵaqlar, maylı tuqımlardıń dánesi, qurǵaq miyweler, boyawlar, qıshqıllar hám aramat dám beriwshi zatlar qosıp tayarlanatuǵını haqqında keń kólemde maǵlıwmatlar berilgen. Sonıń ishinde nabat tayarlaw izbe-izilikte qollanılatuǵın texnologiyası keń turde keltirilgen.*

Shıǵıs ellerinıı milliy qásiyetlerine hám tábiyatına sáykes bolǵan konditer ónimleri shıǵıs shirinlikleri dep ataladı.Olarǵa tiykarınan ónim túrine qarap biraz muǵdarda may, máyek, jańǵaqlar, maylı tuqımlardıń dánesi, qurǵaq miyweler, boyawlar, qıshqıllar hám aramat dám beriwshi zatlar qosıp tayarlanadı. Sol sebepli bul ónimler joqarı azıqlıq bahalıqqa iye. Shıǵıs shirinlikke keń assortimentte islep shıǵarıladı. Islep shıǵarılıw usılları, qollanılatuǵın shiyki ónim quramına hám mazalı qásiyetlerine qarap bul ónimlerdi shártli tárizde úsh tiykarǵı: karamel tárizli, jumsaq konfet tárizli hám unlı toparlarǵa ajıratıw múmkin.

**Karamel tárizli shıǵıs shirinlikleri.** Bul ónimler karamelge uqsap qattı, amorf dúziliske iye. Karamel tárizli shıǵıs shirinliklerine tómendegiler kiredi: (mindallı) badamlı kozinak, funduk jańǵaqlı kozinak, erik dáneli kozinak, jer jańǵaqlı kozinak, gunjili kozinak, aygabaǵar kozinak, badamlı grilyaj, quyma badam, quyma jańǵaq, qantta quwırılǵan erik, dánelerdiń yadrosı, qantta quwırılǵan erik, dániniń yadrosı, qantta quwırılǵan jer jańǵaq, vanilli qant-pendir, parvarda, erik dáneli kondalat, goroxlı konditer ónimi, nabat hám basqalar.

***Kozinaklar.*** Bul ónimlerdiń 1 tonnasın tayarlaw ushın 550 kg ǵa shekem túrli jańǵaqlar yamasa gúnji tuqımı, ayǵabaǵar dáneleri jumsaladı. Tayar ónimler karamel massası hám maydalanǵan jańǵaq dáneleri yamasa ayǵabaǵardıń pútin dánesi yamasa gúnji dánelerinen payda bolǵan qattı shiyshe tárizli, kvadrat yamasa romb kórinisindegi formasına iye. 1 kg da keminde 50 dana kozinak boladı. Kozinak ıǵallıǵı 2-4%. Qollanılatuǵın jańǵaqlar yamasa tuqımlar túrine qarap kozinakler badamlı, gúnjili, hám basqa túrleride boladı.

**Parvarda-peshak** Orta Aziya respublikalarında keń tarqalǵan ónim bolıp, jaqsı sozılǵan karamel massasınan tayarlanadı. Kvadrat jastıqsha formaǵa iye. Aq reńli, mayda kristallı dúziliske iye. 1 kg da keminde 160-200 dana parvarda boladı, ıǵallıǵı-3,0%-1,0%.




**Nabat tayarlaw texnologiyası.** Nabat-saxarozanıń kishiden úlkenge shekem, tegis, tınıq, jipte payda bolǵan kristallar,ıǵallıǵı-0,7% ten aspaydı. Ónim túrli diametrdegi tsilindr tárizli yamasa konus tárizli formaǵa iye. Qanttıń toyınǵan eritpesin (siropın) áste-aqırınlıq penen suwıtılǵanda júdá toyınǵan eritpe payda boladı, onnan bolsa saxaroza kristalları ajıralıp, kristalizatorda tartılǵan jipler átırapında belgili formanı payda etedi. Eger jipler gorizontal jipte tartılǵan bolsa, nabat tsilindr tárizli formaǵa, vertikal tegislikte tartılǵan bolsa-konus tárizli formaǵa iye boladı.

Nabat qant yamasa karamel ornına qollanıladı. Jaǵımlı mazalı dámli hám shıraylı sırtqı kóriniske iyeligi sebepli aymaqlıq turǵınlardıń nabatqa talabı júdá úlken (kóp). Nabat den-sawlıq ushın paydalı qásiyetlerge iye, degen pikirler turǵınlar (adamlar) arasında keń tarqalǵan.





Nabat-kristallanǵan qumsheker bolıp Ózbekstannıń milliy shirinligi esaplanadı. Bul shirinlik pútkil dunyada tayarlanadı. Ózbekstanda nabat shirinlik hám dári dep ataladi. Nabat ónimleri Ózbekstan bazarında salmaqlı orındı iyeleydı. Bul shirinlik qádimgi retseplerdi biletuǵin qánige adamlar tárepinen tayarlanadı. Sebebi nabattı aziq-awqat sanaatı karxanalarda islep shıǵarıw jolga qoyılmagan. Nabattıń kinva-shekeri, nabat, nabat hám ápiwayı sheker degen turleri bar.

Nabattıń quramında boyawlar hám ximiyaliq qosimtalar joq. Ónimniń tiykarǵi bólegi , tıykarinan nabat tayarlawda júzim sherbeti yamasa konsentrlengen sheker eritpesi ( sirobi ) isletiledi. Nabat shirinligi qaynatılganda arnawlı jipler atirapında kristallanadı. Qaynatıw waqtına qarap har túrli reńlerde bolıwı mumkin. Sarǵish-aqtan, bawirreńge shekem pisiw waqtı qansha uzaq bolsa, nabattıń reńi sonsha toq reńde boladı.

Nabattıı quramında fruktoza 40%, glyukoza 60% ten ibarat. Eger basqa qosımshalar payda bolsa navat tabiyiy ónim emes bolıp esaplanadı..

Nabat kóbinshe kók shay menen birge paydalanıladı. Ózbek hám qaraqalpaq xalqıda bul usıldı eń paydalı dep biledi. Nabat suyıqlıqqa batırıladı hám kristallar erigende ishiledi.

**Juwmaqlaw ;** Nabat ónimi paydalı qásiyetlerge iye hám kóplep keselliklerdi emlewde qollanıladı. Ol bronxit, angina, anemiya hám xronikalıq sharshawǵa qarsı gúresiwge járdem beredi, isiniw proceslerin saplastıradı hám laktaciyaǵa járdem beredi, sonıń ushın kóbinese emiziwshi analarǵa navat penen shay ishiw usınıs etiledi. Sonday-aq, ortasha muǵdarda as siniriw sisteması, júrek hám qan tamırlarına unamlı tásir etedi. Durıs, tek ǵana tábiyǵıy ingredientlerden tayarlanǵan navattan payda alıw múmkin ekenligin eske alıw kerek. Shigis qantına tek ǵana jeńil profilaktikalıq qural sıpatında qaraw kerek, ol salamat awqatlanıw hám óz organizmine itibarlı qatnasta bolıwı kerek.

## Paydalanılg\`an a\`debiyatlar

**1.** M. G. Vasiev, I. B. Isabaev, M.T. Kurbanov.Qandolar mahsulotlarin ishlab chiqarish texnologiyası .Darslik«O'ZBEKSTAN» baspaxanası, 2003 j

**2.** Vasiev M.G. Xaydar – Zade L.N. Konditer o\`nimlerinin\` texnologiyası. Maruzalar mat\`ni. – Buxara. Muallif 2000-369 bet.

3. Kurbanbayeva, G. . (2023). Innovative ways of increasing grain productivity in the agriculture. Journal of Agriculture & Horticulture, 3(9), 21–24. Retrieved from https://internationalbulletins.com/intjour/index.php/jah/article/view/1332

4.Kurbanbaeva Gulshad, & Askarova Khurshida. (2024). Grain and grain structure.

American Journal of Applied Science and Technology, 4(03), 29-33.https://doi.org/10.37547/ajast/Volume04Issue03-06

5. Kurbanbaeva , G. ., & Dauletiyarova , M. (2024). Qoraqalpog'iston respublikasida biostimulyatorlarni boshoqli don ekinlarga qo'llash va hosildorligini oshirish. Евразийский журнал академических исследований, 4(4), 146–151.

https://doi.org/10.37547/ajast/Volume04Issue03-06